



# Manda Dirab

Yon **Manda Dirab (Durable Power of Attorney, DPOA)** vle di ou chwazi yon moun nan lavi w ki pou pran desizyon konsènan lajan w. Moun sa a ta dwe yon moun ou fè konfyans. Yo rele yo yon **ajan**. Ou kapab chwazi ki moun ou vle oswa ou pa vle vin ajan w. Yon Manda Dirab se espesifikman pou ou menm ak bezwen ou yo. Sa a vle di, yon Manda Dirab pa fè menm bagay pou tout moun.

## Ki kote mwen ka itilize sipò sa a nan lavi m?

Tablo ki anba a montre egzanp sou fason ou ka itilize yon Manda Dirab.

### Lajan

Ajan w lan kapab:

- Peye fakti ou yo
- Depoze chèk ou yo
- Depoze enpo ou yo
- Jere Peman Sekirite Sosyal ou yo  
(Social Security, SSI)

### Swen Sant

Ajan w lan kapab peye fakti medikal ou yo, men li pa kapab pran desizyon konsènan swen sante w yo.

### Lekòl

Ajan w lan kapab:

- Peye frè ekolaj ou
- Fè bidjè pou aktivite ki pa nan kourikoulòm nan
- Fè bidjè pou depans pou founiti lekòl

### Lavi Prive

Ajan w lan pa kapab pran okenn desizyon sou lavi prive w.

### Lojman

Ajan w lan kapab:

- Vann oswa ipoteke kay ou
- Peye lwave w oswa ipotèk ou
- Chwazi yon etablisman ki bay asistans pou viv

### Lavi apre lekòl segondè

Ajan w lan kapab:

- Peye frè ekolaj pou invèsite oswa lekòl pwofesyonèl
- Jere revni ou resevwa nan travay ou

Enfòmasyon anplis ak yon lis referans konplè ki disponib sou  
<https://www.delawareautismnetwork.org/resources/supported-decision-making/>

Steinbrecher, A., Ferrara, N., Mallory, S., & Legal Support Choices Project Advisory Group (2025). *Manda dirab*. University of Delaware Center for Disabilities Studies.

# Plis enfòmasyon sou Manda Dirab

## Kiyès ki pran desizyon?

Si w gen yon Manda Dirab, yon lòt moun pran desizyon pou ou. Ou chwazi ki moun ou vle ki pou pran desizyon pou ou.

## Èske yo mande yon odyans nan tribinal pou yon Manda Dirab?

Non, yon odyans nan tribinal pa obligatwa lè w ap chwazi yon Manda Dirab. Ou ka ranpli sa a poukout ou oswa avèk èd sipòtè w yo.

## Èske ou ka chanje yon Manda Dirab? Si se wi, kiyès ki ka fè sa a?

Wi, ou kapab chanje Manda Dirab ou a nenpòt lè, alekri. Pou ou fè yon chanjman, ou dwe ranpli yon fòm ki rele yon "Avi Anilasyon." Ou ta dwe fè tout sipòtè yo konnen nenpòt chanjman ki fèt nan Manda Dirab ou a.

## Ki kote mwen kapab ale pou m jwenn plis enfòmasyon sou Manda Dirab?

Ou gen chwa nan sa a ki gen pou wè avèk sipò jiridik lè ou gen 18 ane. Yon Manda Dirab se yon chwa ki disponib nan Delaware. Lòt eta yo ka gen règ diferan oswa yo ka pa ofri menm chwa sipò jiridik ak Delaware.

Ale sou <https://dhss.delaware.gov/dhss/dhcq/poa.html> pou ou jwenn plis enfòmasyon sou Manda Dirabf nan Delaware.

Se Konsèy Andikap Devlopman Delaware (Delaware Developmental Disabilities Council) ki finanse pwojè sa a avèk fon federal. Sa a pa vle di opinyon yo reprezante opinyon Konsèy la oswa Administrasyon an.

Enfòmasyon anplis ak yon lis referans konplè ki disponib sou

<https://www.delawareautismnetwork.org/resources/supported-decision-making/>

Steinbrecher, A., Ferrara, N., Mallory, S., & Legal Support Choices Project Advisory Group (2025). *Manda dirab*. University of Delaware Center for Disabilities Studies.